**दिन— मंगलवार** **दिनांक—07.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रदेश मे आइ एगारह घंटाक भीतर तीन बेर भूकंपक झटका महसूस कएल गेल। पहिल भूकंपक झटका भोर मे छओ बाजि कऽ पैंतीस मिनट पर महसूस कएल गेल। दोसर बेर सांझ पांच बाजि कऽ उनैस मिनट पर आ तेसर बेर सांझ पांच बाजि कऽ पच्चीस मिनट पर भूकंप आएल। भूकंपक झटका पटना, दरभंगा, मधुबनी किशनगंज समेत राज्यक कतेको जिला मे महसूस कएल गेल। मौसम विज्ञान केन्द्र पटनाक अनुसार भूकंपक केन्द्र तिब्बतक शिंजांग मे छल। पहिल बेर भूकंपक तिव्रता सात दशमलव एक मापल गेल। दोसर बेर एकर तिव्रता तीन दशमलव पांच आ तेसर बेर तीन दशमलव एक मापल गेल। हमर संवाददाता कहलनि अछि जे एखन तक कतहु सँ कोनो नोकसानक खबरि नहि अछि। भूकंपक झटका महसूस होयतहिं लोक अपन—अपन घर सँ बाहर निकलि गेला। किशनगंज मे भूकंपक कारणे ट्रेनक परिचालन सेहो बाधित भेल।

---

पूरा प्रदेश जबरदस्त ठंढ़ा आओर कुहेसक चपेट मे अछि। कुहेसक कारणे आम जन—जीवन अस्त—व्यस्त भऽ गेल अछि। दृश्यताक स्तर कम भेला सँ सड़क, रेल आ हवाई यातायात प्रभावित भऽ गेल अछि। दूरक कतेको रेलगाड़ी अपन निर्धारित सयम सँ घंटों विलम्ब सँ चलि रहल अछि। पटना आ दरभंगा हवाई अड्डा पर विमानक आवाजाही सेहो प्रभावित भऽ गेल अछि। एम्हर मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला तीन दिनक दौरान राज्यक अधिकतर हिस्सा मे भोरका समय घनगर कुहेस पसरल रहत। ओतहि, अगिला दू दिन मे तापमान मे सेहो चारि डिग्री सेल्सियस केर गिरावटक संभावना अछि। एम्हर नओ दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग छपरा लागातार तेसर दिन राज्यक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल।

---

ठंढ़ाक कारणे मधुबनी जिला प्रशासन सभ सरकारी आ निजी विद्यालय सभ मे कक्षा एक सँ आठ धरि वर्ग संचालन पर एगारह जनवरी तक आ सहरसा जिला प्रशासन बारह जनवरी तक रोक लगा देलक अछि। एहि अवधी मे आँगनबाड़ी केन्द्र सभक संचालन सेहो बंद रहत।

---

निर्वाचन आयोग दिल्ली विधानसभा चुनावक तारीखक घोषणा कऽ देलक अछि। राज्यक सभटा सत्ततरि गोट सीटक लेल एक चरण मे पांच फरवरी कँ मतदान होयत। चुनावक अधिसूचना एहि मासक दस तारीख कँ जारी कयल जायत। वोटक गिनती आठ फरवरी के होएत।

---

एनडीए बिहार विधान परिषद उपचुनावक रिक्त सीटक लेल जदयूक ललन प्रसाद के उम्मीदवार बनेलक अछि। पटना मे आयोजित संवाददाता सम्मेलन मे भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल आ जदयूक प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा हुनक नामक घोषणा कयलनि। विधान परिषदक एहि सीटक लेल राजदक सुनील कुमार सिंहक सदस्यता समाप्त कयलाक पश्चात चुनाव भऽ रहल अछि।

---

निर्वाचन आयोग सभटा दू सय तैंतालीस विधानसभा क्षेत्रक लेल मतदाता सूचीक अंतिम प्रकाशन कऽ देलक अछि। सुचीक अनुसार राज्य मे मतादाताक कुल संख्या सात करोड़ अस्सी लाख बाईस हजार नओ सय तैंतीस अछि। एहि मे पुरूष मतदाताक संख्या चारि करोड़ सात लाख तिरसठि हजार तीस सय बाबन आओर महिला मतदाताक संख्या तीन करोड़ बहत्तरि लाख सत्तावन हजार चारि सय सतहतरि अछि। ओहि ठाम तृतिय लिंगक कुल निर्वाचकक संख्या दू हजार एक साय चारि अछि। मतदाता सूचीक अनुसार राज्य मे लिंगानुपात नओ सय दस सँ बढ़ि कऽ नओ सय चौदह भऽ गेल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ प्रगति यात्राक दौरान सीवान मे एक सय नओ करोड़ टाकाक लागत बला एक सय सत्ताईस परियोजना सभक उद्घाटन एवं शिलान्यास कयलनि। संगहि, ओ जिला मे चलि रहल विभिन्न विकास परियोजना सभक समीक्षा कयलनि आओर जीविका दीदी एवं स्थानीय लोकक संग संवाद कयलनि।

---

सर्वोच्च न्यायालय बिहार लोक सेवा आयोगक सत्तैरम एकीकृत संयुक्त प्रारंभिक प्रतियोगिता परीक्षा रद्द करबाक मांग कऽ लऽकऽ दायर याचिका पर सुनवाई करबा सँ इनकार कऽ देलक अछि। प्रधान न्यायाधीश संजीव खन्नाक अध्यक्षता बला पीठ याचिकाकर्ता कैँ कहलक जे एहि मामिलाक सुनवाइयक लेल हुनका पटना उच्च न्यायालय जयबाक चाहि।

---

देशक विभिन्न हिस्सा मे ह्यूमन मेटान्यूमो वायरस एचएमपीवीक मामिला भेटलाक बाद राज्य सरकार परामर्श जारी कयलक अछि। स्वास्थ्य विभागक सचिव संजय कुमार सिंह एहि संबंध मे सभ जिला पदाधिकारी सिविल सर्जन आओर मेडिकल कॉलेज अस्पताल सभक अधीक्षक आ प्राचार्य के पत्र जारी कयलक अछि। पत्र मे कहल गेल अछि जे एचएमपीवी वायरसक लक्षण कोवीड सँ मिलैत–जुलैत अछि। एचएमपीवी वायरस बला मरीज सभक आरटीपीसीआर जांच करबाक आ एहि मामिला कऽ आईएचआईपी पोर्टल पर प्रतिदिन प्रतिवेदित करबाक लेल कहल गेल अछि। संगहि एहि वायरस सँ निपटबाक लेल सभ स्वास्थ्य कर्मी सभ कैँ प्रशिक्षित करबाक आ इलाज व्यवस्था दुरूस्त करबाक निर्देश देल गेल अछि। एकर अलावे अस्पताल सभ मे भर्ती सांस संबंधी गंभीर रोगी सभ कैँ सैंपल नेशनल इंस्ट्च्यूट ऑफ वायरोलॉजी, पुणे भेजबाक लेल कहल गेल अछि।

---

पटनाक फुलवारी शरीफ थाना क्षेत्रक हिंदूनी गाम मे देर राति पुलिस आ अपराधी सभक बीच भेल मुठभेड़ मे दू गोट अपराधी मारल गेल। सिटी एसपी सरथ आरएस जनौलनि जे एक अपराधी के गिरफ्तार कयल गेल अछि। मुठभेड़ मे एकटा दारोगा विवेक कुमार के गोली लागल अछि, जनिकर पटना एम्स मे इलाज चलि रहल अछि।

---

समाप्त